# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 फरवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सिंगापुर दौरा के दुसरका दिन्ने आजु उत्तर प्रदेस सरकार आ एविएशन सेक्टर कै अग्रणी कम्पनी एआई सैट्स के बिच्चे एगो महत्वपूर्ण एमओयू पर दस्खति भइल। एगो रिपोर्ट–

***इस समझौते के अन्तर्गत एआई सैट्स कम्पनी गौतमबुद्धनगर स्थित जेवर में नोएडा इंटरनेशनल एयरपोर्ट पर दो प्रमुख परियोजनायें स्थापित करेगी। इन दोनों परियोजनाओं पर एआई सैट्स चौवालीस सौ अट्ठावन करोड़ रूपये का निवेश करेगी। इसके माध्यम से जेवर एयरपोर्ट उत्तर भारत के एक कार्गो हब के रूप में बनकर उभरेगा। परियोजना के तहत नोएडा इंटरनेशनल एयरपोर्ट पर ही एक अत्याधुनिक विश्व स्तरीय एयर कैटरिंग किचेन की स्थापना की जायेगी। यह किचेन एयरपोर्ट से संचालित होने वाली उड़ानों के लिये गुणवत्ता वाला भोजन उपलब्ध करायेगा। इन परियोजनाओं से हजारों प्रत्यक्ष और अप्रत्यक्ष रोजगार के अवसर सृजित होंगे। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

प्रदेस सरकार क निवेस प्रोत्साहन एजेंसी इन्वेस्ट यूपी आ सिंगापुर सरकार क संस्था सिंगापुर को–ऑपरेशन इंटरप्राइज–एससीई के बिच्चे एगो अउरियो महत्वपूर्ण एमओयू पर दस्खति भइल बा। ई समझौता उत्तर प्रदेस में संस्थागत क्षमता आ नीतिगत ढांचा के मजबूत बनवले अउर ईको सिस्टम के विकास बदे दीर्घकालिक रणनीतिक साझेदारी के दिसा में एगो बड़हन कदम हौ।

**********

मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार देस में त्रुटिरहित ओटर लिस्टि पर जोर देत कहलें कि ई कउनहूं लोकतंत्र क नेइ हौ। श्री कुमार आजु नई दिल्ली के भारत मंडपम में निर्वाचन आयोग आ राज्य चुनाव आयुक्तन क राष्ट्रीय गोलमेज सम्मेलन के सम्बोधित करत ई बाति कहलें।

***त्रुटिहीन मतदाता सूची किसी भी लोकतंत्र की नींव होती है। निर्वाचन आयोग ने विशेष गहन पुनरीक्षण शुरू किया है, जिसके अंतर्गत भारतीय संविधान के अनुच्छेद 326 के अनुसार सभी पात्र मतदाताओं को मतदाता सूची में शामिल किया जा रहा है और अपात्र मतदाताओं को बाहर किया जा रहा है।***

मुख्य निर्वाचन आयुक्त कहलें कि सज्जो पात्र मतदाता लोगिन के ओटर लिस्टि में सामिल कइले आ अपात्र मतदाता लोगिन के एहसे बहरे रक्खे बदे बिसेस गहन पुनरीक्षण–एसआईआर प्रक्रिया सुरू कइल गइल रहे। श्री कुमार कहलें कि येह समय बारह राज्यन में एसआईआर क प्रक्रिया चलि रहल बा आ एहमें से इग्यारह राज्य आपन ओटर लिस्टि प्रकासित कइ दिहले हवें।

**********

प्रदेश के गन्ना विकास आ चीनी मिल मंत्री लक्ष्मीनारायण चौधरी आजु मथुरा के बरसाना में रंगोत्सव दुइ हजार छब्बीस कार्यक्रम क सुभारम्भ कइलें। अजुये बरसाना क प्रमुख श्रीजी मंदिर में धूमधाम से लड्डूमार होली खेलल गइल। बरसाना क लट्ठामार होली से ठिक्के एक दिन पहिले खेलल जाये वाला लड्डूमार होली क ब्रज में खास महातम हौ। येह दिन्ने नंदगांव के हुरियारन के न्यौता दे के पाण्डा बरसाना लवटे ला, जेकर लोगि लड्डू फेंकि के स्वागत करे लें।

**********

कुशीनगर में चलि रहल थाई महोत्सव के आखिरी दिन्ने आजु भगवान बुद्ध क अस्थि कलस सोभाजतरा निकारल गइल। ई जतरा भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण मंदिर में पूजा–अर्चना से सुरू हो के रामाभार स्तूप पर पहुंचि के खास पूजा–अर्चना के साथे पूरा भइल। हमरे कुशीनगर प्रतिनिधि बतवलें कि अस्थि कलस समारोह में थाईलैण्ड से आइल बौद्ध धर्मावलम्बियन के अलावा अउरियो कइ देसन क बौद्ध भिक्षु आ ओइजा क लोगि सामिल भइलें। जतरा में थाई कलाकारन क पारम्परिक नृत्य लोगिन के आकरसण क केन्द्र रहल।

**********

स्टेट बैंक ऑफ इंडिया क आजु जारी एगो रिपोर्ट के मोताबिक चालू वित्त बरिस क तिसरकी तिमाही में देस क अर्थव्यवस्था में आठ दसमलव एक फीसदी क बढ़ोत्तरी दरज कइल गइल हौ। रिपोर्ट में कहल गइल बा कि एकतीस दिसम्बर दुइ हजार पचीस के पूरा भइल तिमाही में आर्थिक गतिविधि मजबूत बनल रहल। एगो रिपोर्ट–

***रिपोर्ट में यह भी बताया गया है कि वैश्विक चुनौतियों के बावजूद अर्थव्यवस्था ने मजबूत विकास गति बनाए रखी है। रिपोर्ट में कहा गया है कि कृषि और गैर– कृषि दोनों क्षेत्रों में उत्साहजनक रुझानों के कारण ग्रामीण क्षेत्रों में उपभोग मजबूत बना हुआ है। इसमें यह भी पाया गया है कि राजकोषीय प्रोत्साहन के कारण पिछले त्योहारी सीजन के बाद से शहरी उपभोग में लगातार वृद्धि दर्ज की गई है। यह आकलन ऐसे समय में आया है जब भारत अपने सकल घरेलू उत्पाद जीडीपी आधार वर्ष को 2011–12 से संशोधित करके 2022–23 करने जा रहा है। नई जीडीपी श्रृंखला 27 फरवरी 2026 को जारी होने वाली है। अंकित की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से सरफिरोजी।***

**********

मौसम विभाग के मोताबिक प्रदेस क अधिकतम आ न्यूनतम तापमान में अगिला दुइ दिन ले कउनों बड़हन बदलाव नाहीं होई।

**********